

This document has been translated from the English language. The translations are provided purely as a guide to the corresponding English form and not intended to replace the use of the English form. The Office of Rent Administration (ORA) has had this document translated to assist users with Limited English Proficiency. Please note that the translation is by a contractor retained by the Office of General Services. ORA does not guarantee or warrant the accuracy of the translations.

The translated versions can be found at the DHCR website: hcr.ny.gov

Dokiman sa a te tradui apati yon vèsyon Anglè. Yo fè tradiksyon sa yo sèlman pou yo ka sèvi kòm gid pou fòmilè ann Anglè a e li pa la pou l ranplase itilizasyon fòmilè Anglè a. Biwo Jesyon Lwaye a (ORA) fè yo tradui dokiman sa a pou ede moun Anglè yo pa fin twò bon yo. Tanpri ou dwe konnen se yon travayè endepandan Biwo Sèvis Jeneral la anboche ki fè tradiksyon sa a. ORA pa bay okenn garanti tradiksyon an kòrèk.

Ou ka jwenn vèsyon yo tradui yo sou sit entènèt DHCR la: hcr.ny.gov



Eta Nouyòk
Depatman Renouvèlman nan Lojman ak nan Kominote a
 Biwo Jesyon Lwaye
 Gertz Plaza
 92-31 Union Hall Street
 Jamaica, NY 11433
 Sit entènèt: www.hcr.ny.gov

AVI POU LOKATÈ KONSÈNAN KONTWÒL SOU PRI LWAYE YO

DWA KONSÈNAN LWAYE LEGAL YO AK PRI LWAYE KI PI WO PASE SA L DWE YE

Ann amoni ak Seksyon 610 nan Lwa Konsènan Finansman Lojman Prive a, lè yon ajans nan leta oswa lokal oswa yon lòt pati ki konsène a lalwa chwazi mete sou pye e apwouve yon antant ki baze sou règleman ki fikse pri lwaye yo pi wo pase lwaye legal yo e yon pwogram gouvènman bay èd pou peye lwaye pou apatman an, **AVI SA A DWE MACHE AK TOUT LWAYE YO** pou apatman an, depi yo bay yon èd pou peye lwaye. Sa aplikab pou nenpòt zòn nan Eta Nouyòk kote lwa ki fikse pri lwaye a an vigè. Ou pa bezwen prezante avi sa a nan DHCR.

Pou pwopriyetè/ajan ki responsab la ranpli:

Dat XXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXX

Pwopriyetè/Ajan ki responsab XX

Objè Batiman XX Apatman # XXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXX

Non Lokatè a XX

Ajan Eta oswa Lokal (oswa lòt pati ki konsène) K ap Mete Sou Pye Yon Antant Ki Baze Sou Règleman

XX

Ajans K ap Bay Èd Pou Lwaye XX

Kategori Èd Pou Lwaye Yo Bay (Egzanp: Seksyon 8 PBV XXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXX)

Lwa Konsènan Finansman LojmanPrive Men sa Seksyon 610 la di:

Yon ajans nan leta oswa lokal oswa yon lòt pati ki konsène yo chwazi a ka bay lwaye ki pi wo pase lwaye legal yo ak lwaye moun prefere yo, depi pwogram gouvènman an bay yon èd pou peye lwaye. Pati pa lokatè a anba kontwòl ajans ki bay èd pou lwaye a ak antant ki baze sou règleman an. Lwaye reyèl la dwe anrejistre apa.

LÈ ÈD POU LWAYE A KANPE, SWA PANDAN YON KONTRA LWAYE ANVIGÈ OSWA PANDAN L VID, YO DWE TOUCHE POU PI BA PRI NAN PRI LWAYE LEGAL OSWA YO PREFERE A PLIS NENPÒT CHANJMAN LEGAL OSWA LWAYE KI PI BA ANTANT KI BAZE SOU RÈGLEMAN AN METE SOU PYE.

Pwopriyetè ki pa fè chanjman nan yon lwaye lè èd pou lwaye a kanpe yo ap nan kategori pwopriyetè k ap touche plis pase sa yo dwe touche e yo ka sibi konsekans negatif ki gen twa aspè nan yon jijman devan DHCR oswa tribinal ki anba otorite ki apwopriye.

Avi konsènan renouvèlman kay ak kominote a pou Eta Nouyòk sa a te kreye an kolaborasyon ak Depatman Ki Responsab Konsèvasyon Ak Devlopman Lojman Nan Eta Nouyòk ansanm ak NYC Housing Development Corporation.